

**Policy 5.8-E: CODE OF STUDENT CONDUCT**  
**LIV KOD KONDWIT POU ELEV**

**BI:**

LEKÒL SE PA SENPLEMAN YON LYE APRANTISAJ AKADEMIK; LEKÒL-YO FOUNI ELÈV-AK FANMI-YO ANPIL SÈVIS KI ENDISPANSAB A BYENNET-YO TANKOU NITRISYON, SOSYALIZE, KONSEY AK AKTIVITE PARASKOLÈ EPI REOUVÈTI LEKÒL DWE KONSISTAN AVÈK MEZI SEKIRITE EPI PREKOSYON SANITÈ DAPRE DEFINISYON DEPATMAN SANTE LETA FLORID, DAPRE DIREKTIV OTORITE LASANTE ONIVO LOKAL, EPITOU SIPÒ NAN BYENNET FLORIDYEN, KI JENN OSWA ADILT, KI GEN KONDISYON SANTE KI FÈ YO KA VILNERAB.

**ENTWODIKSYON:**

Diran katrevenndis jou (90) kalandriye apre apwobasyon regleman ak konsiy ijans, School Board otorize Sipéentandan an kontinye fè lekòl-yo fonksyone grasa anséyman adistans, lè sa nesesé, baze sou kondisyon anviwonnan anrapò ak pandemi COVID-19.

Se entansyon politik ak direktiv sa pou li etabli epi mentni kondisyon ak pratik sante ki ofri sekirite nan tout anviwonnan lekòl. Yo va konsidere faktè tankou laj, klas, kondisyon sosyoekonomik, devlopman sosyal e emosyonnel, ak nivo entelektyèl, abilite ak/oswa andikap, dwa ak responsabilite élèv. Sepandan, yo va bay konsekans disiplinè pou tout aksyon ak zak yo detémire entansyonnel, ki gen ensibòdinasyon, dezobeyisans, ki pa fêt pa aksidan, okazyonnèl, oswa lè entévansyon ak redireksyon nan konpòtman pa respekte.

Elèv andikape ki elijib anba Lwa Edikasyon pou Elèv Andikape (IDEA) oswa anba Seksyon 504 Lwa Reyabilitasyon 1973 (Section 504 of the Rehabilitation Act of 1973) gen dwa siplemantè anba Iwa IDEA oswa Section 504 ak Regleman Leta, State Board Rule.

**RESPONSABLITE KOD ABIYMAN PWOMOUVWA:**

Elèv-yo responsab abiye korékteman, yo dwe pwòp kit elèv-yo sou kanpis lekòl-la, kit yap patisipe nan aktivite lekòl-la patwonnen, oswa kit yap patisipe nan yon anviwonnan anséyman adistans, eLearning.

Aparans yon elèv sou ekran konpitè diran anséyman adistans dwe konfòm ak kòd abiman.

Yo atann aske tout elèv-yo respekte responsabilite-yo epi abiye yon fason ki respekte dwa lezòt.

Si yon elèv pa respekte direktiv kouvri figi Distri a (District's Face Covering), vledi mete kachne/mas, yo va konsidere entansyon aksyon an, men yo pap konsidere aksyon ki fêt pa aksidan, okazyonnèl, oswa anrapò ak andikap yon elèv. Direktiv sa-yo aplikab sou kanpis lekòl-la, nan transpòtasyon bis lekòl, oswa nan evennman lekòl la patwonnen.

**OTORITE ESPESIFIK:** Òd Ezekitif Depatman Edikasyon Florid No. 2020-EO-06.

**APLIKASYON LWA:** Seksyon 1003.02; 1011.60(2); 1011.61(1)(a) and 1003.23(1), F.S.

Policy Adopte: 19/8/20